

APPENDIX I: Sample Parent Notification Letters

Letter A: Sample letter notifying parents about HIV/AIDS lessons; for grades K-12.

Chè paran oswa responsab:

VIH/SIDA se youn nan pwoblèm sante ki pi grav yo ke Ameriken janm rankontre. Pwogrè lamedsin avanse anpil pou kenbe moun ki enfekte avèk VIH an sante pou anpil ane. Men, li toujou pa gen tretman, epi edikasyon se sèl mwayen nou ka ede elèv nou yo pwoteje tèt yo pou yo pa vin enfekte. Envestisman Majistra de Blasio fè pandan plizyè ane nan nouvo pwojè Health Ed Works la ranfòse angajman DOE nan sante elèv lè li ogmante sipò pou edikasyon sante nan tout lekòl nou yo.

Depatman edikasyon eta Nouyòk (New York State Education Department, NYSED) ak Depatman edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) egzije pou yo bay tout elèv nan klas Kindergarten rive 12yèm ane edikasyon sou VIH/SIDA, kòm yon pati nan edikasyon sante global. *Kourikoulòm VIH/SIDA* NYCDOE devlope pou elèv Vil Nouyòk yo apwopriye avèk laj devlopman elèv la. Pa egzanp, nan klas Kindergarten, elèv aprann kòman moun vin malad ak kòman yo ka geri. Nan klas 7yèm ane, timoun aprann kòman VIH afekte sistèm iminite moun, risk itilizasyon alkòl ak dwòg, ak enpòtans kominikasyon avèk paran/responsab yo. Leson nan lekòl segondè anseye elèv pou evite konpòtman ki ka gen risk pou atrape SIDA, STI ak gwosès ki pa planifye.

Kòm paran oswa responsab legal, ou gen dwa pou pa kite pitit ou asiste sèten leson ki anseye metòd ki anpeche pran SIDA/STI. Yo idantifye leson sou prevansyon nan *Kourikoulòm VIH/SIDA ou ka pa vle pitit ou a asiste* "opt out" yo sou entènèt nan <https://www.weteachnyc.org/resources/resource/hivaids-curriculum-2012-edition/>

Si w pa vle pitit ou asiste leson an, ou dwe ekri m yon lèt pou di ke:

- Pitit ou a pa sipoze nan salklas la pandan leson prevansyon "opt out" yo; epi
- W ap aprann pitit ou kòman pou l anpeche maladi sa yo lakay ou.

Ankouraje pitit ou a pou pale avèk ou osijè VIH/SIDA. Lè w fè sa, sa ka ede w ranfòse konesans pitit ou a sou kòman VIH pwopaje, epi sa prezante opòtinite pou oumenm ak pitit ou a pale sou kòman pa fè sèks se mwayen enpòtan ki pi efikas pou timoun pwoteje sante yo ak avni yo.

Nou ta kontan pou patisipe nan School Wellness Council oswa pou koòdone prezantasyon PTA osijè VIH/SIDA. Pale avèk pwofesè pitit ou a, kowòdonatè paran, oswa avèk mwen sou kòman ou kapab bay èd ou pou leson sa yo. Si w gen nenpòt kesyon konsènan pwogram sa a, tanpri rele m nan _____.

Avèk senserite,

Direktè